الرسالة المنطقية

على شرح نظم سلم المنورق

للشيخ عبد الرحمن الأخضري

رتبها الفقير إلى رحمة ربه

محمد ضياء الدين الكريمي الشاذلي بن اجيغ جنيد

بعض خادم معهد بيت الرحمن جيسائت فاجيت باندوغ

طبعت بنفقة معهد بيت الرحمن

باندوغ - جاوى الغربية

١٤٤٦ ه

الرِسالة المنطقية

على شرح نظم سلم المنورق

للشيخ عبد الرحمن الأخضاري

رتبها الفقير الى رحمة ربه

محمد ضياء الدين عبد الكريم الشاذلي بن اجيغ جنيد

بعض خادم معهد بيت الرحمن جيساءات

فاجيت بندوغ

المقدمة

الحمد للّه الذي خلق الإنسان وعلمه البيان، وجعل العقل وسيلة لإدراك الحقائق والتمييز بين الصواب والخطأ، وأفضل الصلاة وأتم التسليم على سيدنا محمد، الذي أوتي جوامع الكلم، وعلى آله وأصحابه الذين ورثوا علمه وبثوه بين الأنام،

أما بعد:

فهذا شرح موجز على متن "سُلَمِ المُنَوَّرَقِ" في علم المنطق، سميته "الرِّسَالَةُ المَنْطِقِيَّةُ"، قصدت به تقريب معانيه وتوضيح مسائله، ليسهل على الطلاب فهمه، ويتيسر على المبتدئين إدراك مقاصده. وقد بذلت جهدي في بيان أفكاره بأسلوب واضح، مع ضرب الأمثلة المناسبة، كي يكون نافعًا لكل طالب علم يرغب في التمكن من هذا العلم الجليل

ولا يفوتني أن أتقدم بجزيل الشكر والامتنان إلى أسرتي وأحبتي، الذين كانوا سندًا لي في إتمام هذا العمل، بدعائهم وتشجيعهم المستمر. كما أشكر أساتذتي الذين وضعوا أسس العلم في قلبي، وأرشدوني إلى دروب المعرفة

وأخيرًا، فإن كان في هذا الكتاب من صواب، فهو محض فضل الله وتوفيقه، وإن كان فيه خطأ أو زلل، فذلك من نفسي ومن الشيطان، وأستغفر الله منه. إذا كان هناك خطأ في تأليف هذا الكتاب، سواء من حيث اللفظ أو المادة، فإنني أتوقع صدق القراء لتصحيحه وإعلامنا به. وأسأله أن يجعله نافعًا مباركًا، وأن ينفع به المسلمين، إنه ولي ذلك والقادر عليه

MUQADDIMAH

Sadaya puji kagungan Allah, Anu parantos nyiptakeun manusa sarta masihan kaparigelan dina nyarios, sareng ngajadikeun akal salaku sarana pikeun mikirkeun kahadean sareng ngabedakeun antara nu leres sareng nu lepat. Shalawat sareng salam mugia tetep ka junjungan urang, Nabi Muhammad ﷺ, anu dikaruniai hikmah dina nyarios, ogé ka kulawarga sareng para sahabatna anu neraskeun warisan elmu na.

Ieu Risalah mangrupikeun syarah tina kitab Sulam Munawaroq dina élmu Mantiq. Simkuring masihan nami kitab ieu “Ar Risaalatul Mantiqiyyah”, kalayan tujuan pikeun mempermudah para murid dina ngartos eusi sareng maksad tina kitab aslina. Dina nyusunna, simkuring usaha ngajelaskeun rupa-rupa konsep ku basa nu langkung basajan sarta masihan conto-conto nu cocog supados langkung gampang dipikahartos, utamina pikeun nu anyar diajar élmu Mantiq.

Simkuring seja ngahaturkeun nuhun ka sadayana utamina ka Pun Bojo sareng Murangkalih simkuring, teras ka sepuh simkuring oge ka para rai sareng raka simkuring, ka sadayana keluarga besar Pondok Pesantren Baiturrohman Cisaat sareng rerencangan anu salawasna nyayogikeun dukungan, boh ku doa boh ku sumanget, dugi ka ieu Risalah tiasa diréngsékeun. Oge ka para guru anu parantos mimitian masihan élmu ka simkuring sareng nungtun kana jalan pangarti.

Tangtosna, sakumaha manusa biasa, simkuring henteu luput tina kasalahan. Lamun dina ieu buku aya kasalahan atanapi kakurangan, éta téh kalepatan simkuring pribadi. Simkuring nyungkeun jembar manah ti para wargi sadayana kangge tiasa nyirian, ngalereskeun oge ngawartosan ka simkuring perkawis kasalahan nu aya dina iyeu kitab. Mugi-mugi ieu karya janten mangpaat sarta janten amal jariyah anu diridhai ku Allah.Amiin.

Salam Hurmat,

Murottib

(مَبَادِي عِلْمِ الْمَنطِقِ)

A. Mabadi Ilmu Mantiq

1. حَدُّهُ (Ta'rifna)

- المَنطِق هُوَ قَانُوْنٌ تَعْصِمُ مُرَاعَاتُهُ بِتَوْفِيْقِ اللهِ تَعَالَى الذِّهْنَ مِن الْخَطَاءِ فِي فِكْرَةٍ

" Ilmu Mantiq nyaeta Qanun (tatanan pikiran) anu bisa ngaraksa akal tina salah mikir ku pitulung Allah Ta'ala." (Syekh Abu Abdillah Muhammad Ahmad 'Ulaisy : Syarah Isaguzi)

- الْعِلْمُ الَّذِي يَبْحَثُ عَنِ الْمَعْلُوْمَاتِ التَّصَوُّرِيَّاتِ وَالتَّصْدِيْقِيَّاتِ مِن حَيْثُ كَوْنِهَا تُوْصِلُ إِلَى مَجْهُوْلِ التَّصَوُّرِيِّيْنَ وَالتَّصْدِيْقِيِّيْنَ

" Ilmu anu ngabahas ngeunaan pengetahuan anu mangrupa gambaran (Tashowwur) atawa pembenaran (Tashdiq) anu geus dikaterangkeun, pikeun jalan anu bisa nganepikeun jalma kana Tashowwur jeung Tashdiq anu sejen anu can di katerangkeun "

Maka tiasa disimpulkeun yen Ilmu Mantiq teh nyaeta Ilmu anu ngabahas qoidah-qoidah anu tiasa ngabimbing jalma ka arah mikir anu bener sangkan bisa ngahasilkeun kesimpulan anu bener.

2. وَاضِعُهُ : اِرْسَطَاطَالِيْسَ *(Aristoteles)*
3. إِسْتِمْدَادُهُ : الْعَقْلُ
4. مَسَائِلُهُ : تَصَوُّرٌ وَ تَصْدِيْقٌ
5. مَوْضُوْعُهُ : الْمَعْلُوْمَاتُ التَّصَوُّرِيَّاتُ التَّصْدِيْقِيَّاتُ
6. فَضْلُهُ : وَهُوَ يُفَوِّقُ وَ يَزِيْدُ عَلَى غَيْرِهِ مِن الْعُلُوْمِ بِكَوْنِهِ عَامَّ النَّفْعِ فِيْهَا

   Kautamaan Elmu Mantiq diantara elmu nu sejen nyaeta Elmu Mantiq ngunggulan kana satiap elmu kusabab satiap disiplin elmu moal lepas tina kudu ngaterangkeun

Tashowwur jeung Tashdiq anu jadi bahasan dina elmu mantiq

7. ثَمْرَاتُهُ : يَعْصِمُ الْأَفْكَارَ عَنْ غَيِّ الْخَطَاءِ

Manfaatna Ilmu Mantiq nyaeta tiasa ngajaga pikir supaya henteu salah mikir

❖ **Dasarna :**

(١)	فَيَعْصِمُ ٱلاَفكَارَ عَنْ غَيِّ ٱلْخَطَا *Tina salah anu mangaruhan mikir*	# #	وَ عَنْ دَقِيْقِ ٱلْفَهْمِ يَكْشِفُ ٱلغِطَا *Buah elmu mantiq nyegah kana fikir*

8. اِسْمُهُ : عِلْمُ الْمَنطِقِ \ مِعْيَارُ الْعِلْمِ

9. نِسْبَتُهُ : نِسْبَةُ التَّسَاُوِي

Ilmu Mantiq ngabogaan hubungan anu kacida penting jeung ilmu nu sejen. Dimana-mana hiji jalma faham kana Ilmu Mantiq, maka logika na moal pincang. Maka Ilmu Mantiq nyaeta نسبة التساُوْي (sarua , sapadan) jeung Ilmu Kalam atau Falsafah.

10. حُكْمُهُ :

- **Haram** mungguh Imam Nawawi jeung Ibnu Sholah, tapi anu diharamkeun ku Imam Nawawi jeung Ibnu Sholah nyaeta Ilmu Mantiq anu geus kacampuran ku **ضَلاَلَة فَلاَسِفَة**
- **Meunang** pikeun jalma anu sampurna akalna (cerdas) mungguh Imam Al Ghazaly, Imam Ar Razy, Syekh Taqiyuddin As Subki

- **Meunang** pikeun jalma anu cerdas jeung biasa dina mempelajari Al Qur’an jeung Hadist

❖ **Dasarna**

(٢)	وَٱلْخُلْفُ فِي جَوَازِ ٱلِاشْتِغَالِ	#	بِهِ عَلَى ثَلَاثَةٍ اَقْوَالِ
	kana hukum neangan elmu manteq na	#	*Beda-beda Ulama ngahukumanna*
(٣)	فَابْنُ الصَّلَاحِ وَالنَّوَاوِي حَرَّمَا	#	وَقَالَ قَوْمٌ يَنْبَغِي أَنْ يُعْلَمَا
	Kana Elmu Mantiq nu can dibersihkeun	#	*Ibnu sholah jeung Nawawi ngaharamkeun*
	Supaya apal nu bener jeung nu salah	#	*Tapi mungguh Imam Ghazali mah Sunnah*
(٤)	وَٱلْقَوْلَةَ ٱلْمَشْهُوْرَةُ الصَّحِيْحَةْ	#	جَوَازُهُ لِكَامِلِ ٱلْقَرِيْحَةْ
	nyuprih elmu mantiq nu geus dibersihkeun	#	*Qoul anu leuwih masyhur ngamenangkeun*
(٥)	مُمَارِسِ السُّنَةِ وَٱلْكِتَابِ	#	لِيَهْتَدِي بِهِ اِلَى الصَّوَابِ
	anu ngalanggengkeun Sunnah jeung Qur’an na	#	*Pikeun jalma anu sampurna akalna*

(فَصْلٌ فِي أَنْوَاعِ الْعِلْمِ)

1. عِلْمُ الْقَدِيْمِ

   Nyaeta Maha Uninga na Allah kana sadaya perkara anu henteu aya mimitina.

2. عِلْمُ الْحَادِثِ

   Nyaeta elmu anu dipimilik ku makhluk, anu sifatna anyar nyaeta terang na makhluk mah aya mimitina.

1. **تَصْدِيق *(Sentisa)***

   Ngarti kana **كُلّام مُرَكَّب** saperti terang kana **العَالَم مُتَغَيِّر** , **تَصْدِيق** kabagi jadi 2 nyaeta :

   a. **نَظَرِي**

   Hoyong ngarti kana kalam anu kudu dipikir, nyaeta kudu ngadatangkeun *muqaddimah shugra* jeung *muqaddimah kubra.* Saperti lamun hoyong terang kana lafad **العَالَم حَادِث** maka kudu ngayakeun lafad :

   - **مُقَدَّمة صُغْرَى** : **العَالَم مُتَغَيِّر**
   - **مُقَدَّمة كُبْرَى** : **وَ كُلّ مُتَغَيِّر حَادِث**
   - **نَتِيْجَة** : **العَالَم حَادِث**

b. ضَرُوْرِي

Hoyong ngarti kana kalam anu henteu kudu dipikir, saperti hoyong ngarti kana lafad **العَالَم مُتَغَيِّر** maka teu kudu ngadatangkeun dua muqaddimah, cukup tinggali barang anu tadina leutik jadi gede nuduhkeun yen alam teh barobah

2. تَصَوُّر *(Analisa)*

Ngarti kana **كُلّام مُفْرَد** saperti ngarti kana lafad **الإِنْسَان**, **تَصَوُّر** kabagi jadi 2, nyaeta :

a. نَظَرِي

Hoyong terang kana hiji kalimat anu butuh kana mikir kucarana ngadatangkeun ta'rif. Saperti lamun hoyong terang kana lafad **الإِنْسَان** maka kudu terang kana ta'rifna nyaeta **حَيَوَان نَاطِق**

b. ضَرُورِي

Hoyong terang kana hiji kalimat anu henteu butuh kana mikir. Saperti lamun terang kana **سَمَاء** (langit), maka cukup we tinggali ka luhur

❖ **Dasarna**

(٦)	إِدْرَاكُ مُفْرَادٍ تَصَوُّرً عُلِمْ *ngarti nisbatna kalam tashdiq ngaranna*	# #	وَدَرْكُ نِسْبَةٍ بِتَصْدِيْقٍ وُسِمْ *Ngarti kana mufrod tasowwur ngaranna*
(٧)	وَ النّظَرِي مَا احْتَاجَ لِلتَّأَمُّلِ *Cukup tinggali ku panon mh dhoruri*	# #	وَ عَكْسُهُ هُوَ الضَّرُوْرِيُ الْجَلِي *Butuh kana mikir nyaeta nadhori*

(فَصْلٌ فِي أَنْوَاعِ الدِّلَالَةِ)

1. Ta'rif الدِلَالَة

- **فَهْمُ أَمْرٍ مِن أَمْرٍ** ; maham kana hiji perkara **(الدَّالّ)** tina hiji perkara anu sejen **(المَدْلُول)**
- **كَوْنُ أَمْرٍ بِحَيْثُ يُفْهَمُ مِنهُ أَمْرٌ أَخَر** ; ayana hiji perkara **(الدَالّ)** anu sakira-kirana ku eta perkara teh bisa kafaham perkara anu sejen **(المَدْلُول)**

2. Pembagian الدِلَالَة

الدِلَالَة mungguh ulama ahli mantiq kabagi jadi 2 nyaeta :

a. دِلَالَة غَيْر لَفْظِيَّة

Ta'rifna : **مَا كَانَ الدَّالُّ فِيْهَا غَيْر لَفْظٍ أَوْ صَوْتٍ**

" Dimana -mana anu nuduhkeunna (الدَّال) sanes mangrupakeun lafad atawa sora ".

دِلَالَة غَيْر لَفْظِيَّة kabagi 3, nyaeta :

❖ **دِلَالَة غَيْر لَفْظِيَّة عَقْلِيَّة** ⟶ **مَا كَانَ الدَّالُّ فِيْهَا عَقْلًا**

Contona pindahna barang nuduhkeun berarti aya anu mindahkeun

❖ **دِلَالَة غَيْر لَفْظِيَّة طَابَعِيَّة** ⟶ **مَا كَانَ الدَّالُّ فِيْهَا عَرَضًا طَبِيْعًا**

Contona beureum beungeut nuduhkeun kana era

❖ دِلَالَة غَيْر لَفْظِيَّة وَضْعِيَّة ⟵ مَا كَانَ الدَّالُّ فِيْهَا وَضْعًا إِصْطِلَاحًا

Contona lampu merah nuduhkeun kudu eureun

b. دِلَالَة لَفْظِيَّة

Ta'rifna : **مَا كَانَ الدَّالُّ فِيْهَا لَفْظًا أَوْ صَوْتًا**

" Dimana -mana anu nuduhkeun na (الدَّالّ) mangrupakeun lafad atawa sora ".

دِلَالَة لَفْظِيَّة kabagi jadi 3, nyaeta :

- **دِلَالَة لَفْظِيَّة عَقْلِيَّة** ⟵ **مَا كَانَ الدَّالُّ فِيْهَا عَقْلًا**

  Conto aya sora diluar, nuduhkeun aya jelema di luar

- **دِلَالَة لَفْظِيَّة طَابَعِيَّة** ⟵ **مَا كَانَ الدَّالُّ فِيْهَا عَرَضًا طَبِيْعًا** (Sifat Alami)

  Conto lafad "aduuh" nuduhkeun kana nyeri

- **دِلَالَة لَفْظِيَّة وَضْعِيَّة** ⟵ **مَا كَانَ الدَّالُّ فِيْهَا وَضْعًا إِصْطِلَاحًا**

  Nyaeta Dilalah anu magrupakeun lafad anu nuduhkeun kana ma'na anu tangtu, anu ngahaja dijieun ku jalma pikeun hiji isyarat atawa tanda anu geus ditetepkeun babarengan, saperti orang jawa sepakat netepkeun kata "gedang" pikeun nuduhkeun kana ma'na "cau" lamun ceuk urang sunda.

Dilalah anu jadi objek bahasan dina Ilmu Mantiq nyaeta **ضِلَالَة لَفْظِيَّة وَضْعِيَّة**,

1. دِلَالَة لَفْظِيَّة وَضْعِيَّة مُطَابَقَة

❖ **Ta'rifna** : **دِلَالَةُ اللَّفْظِ عَلَى مَعْنًى يُوَافِقُ ذَلِكَ اللَّفْظَ**

Hartosna ngama'naan hiji lafad ku ma'na anu akur / sesuai.

Saperti lafad “ الإِنْسَان ” dima’naan ku “ حَيَوَان نَاطِق ”, atawa lafad “ رَجُلٌ ” dima’naan ku “ مِن لَهُ ذَكَر ”

❖ **Dasarna** :

يَدْعُوْنَهَا دِلَالَة الْمُطَابَقَة	#	دِلَالَة اللَّفْظِ عَلَى مَا وَافِقَه	(٨)
Lafad atawa sora anu nuduhkeun	#	*ma’na akur dilalah muthobaqohkeun*	

2. دِلَالَة لَفْظِيَّة وَضْعِيَّة إِلْتِزَامِيَّة

❖ **Ta’rifna** :

دِلَالَةُ اللَّفْظِ عَلَى مَعْنًى خَارِجٍ مِن مَعْنَى الْمُطَابَقَة لَكِن لَزِمَ ذَلِكَ الْمَعْنَى عَلَى ذَلِكَ اللَّفْظِ

Dilalah lafad anu perkara anu aya di luar ma’na anu geus ditetepkeun dina lafad eta, tapi eta ma’na masih lazim jeung ma’na lafadna. Atawa ngama’naan lafad ku ma’na nga *mulajamahkeun* atawa misti kana eta lafad.
Saperti lafad “ الإِنْسَان ” dima’naan ku “ قَابِلُ الْعِلْمِ ”, kusabab lazimna jalma mah sok narima kana elmu.

❖ **Dasarna** :

فَهُوَ الْتِزَامٌ اِنْ بِعَقْلٍ الْتُزِم	#	وَ جُزْئِهِ تَضَمُّنًا وَمَا لَزِم	(٩)
Tadhommun nuduhkeun sabagian ma’na	#	*Iltijam anu kakaitan ma’nana*	

3. دِلَالَة لَفْظِيَّة وَضْعِيَّة تَضَمِنِيَّة

❖ **Ta’rifna** : **دِلَالَةُ اللَّفْظِ عَلَى جُزْءِ مَا وَافَقَهُ**

Nuduhkeun na lafad kana sawareh ma’na anu aya dina lafad anu di tuduhkeun.
Saperti ngama’naan lafad “ الإِنْسَان ” ku “ حَيَوَان ”

❖ **Dasarna** :

فَهُوَ الْتِزَامٌ اِنْ بِعَقْلٍ الْتُزِم	#	وَ جُزْئِهِ تَضَمُّنًا وَمَا لَزِم	(٩)
Tadhommun nuduhkeun sabagian ma’na	#	*Iltijam anu kakaitan ma’nana*	

{ فَصْلٌ فِي مَبَاحِثِ الْأَلْفَاظ }

(تَشْجِيْر أَنْوَاع الْأَلْفَاظ)

Dina sakabehna lafad, anu dibahas dina elmu manteq ukur lafad كُلّي hungkul. Sedengkeun lafad كُلّي mungguh Ulama Ahli Manteq aya 5, nyaeta :

1. كُلّيٌّ جِنْسٌ *(Jenis / Genus)*

❖ **Ta'rifna** : كُلّيٌّ يَصْدُقُ عَلَى كَثِيْرِيْنَ مُخْتَلِفِيْنَ فِي الْحَقَائِق

Lafad كُلّي anu mufrodna loba bari beda-beda dina hakekatna.

Saperti lafad " حَيَوَان " , Dimana-mana ditanya naon ari jinisna kuda jeung jelema? Maka jawabna pasti " حَيَوَان "

❖ **Dasarna** :

جِنْسٌ وَ فَصْلٌ عَرَضٌ نَوْعٌ وَ خَاص	#	**وَالْكُلِّيَّاتُ خَمْسَةٌ دُوْنَ انْتِقَاص**	**(١٠)**
Sakabeh lafad kulliyun aya lima	#	*jinis fasol arod nau khos nu kalima*	

كُلِّيٌّ جِنْسٌ kabagi jadi 3, nyaeta :

a. كُلِّيٌّ جِنْسٌ قَرِيْبٌ

❖ **Ta'rifna** : **مَا لَا جِنْسَ تَحْتَهُ وَ فَوْقَهُ أَجْنَاسٌ**

Lafad **كُلِّي** anu dihandapna henteu aya deui jinis nu sejen, tapi diluhurna mah masih loba keneh jinis anu sejen.
Saperti lafad " **الحَيَوَان** " , dihandapna teu aya deui jinis anu sejen, anu aya ukur **نَوْع** na nyaeta saperti lafad " **الإِنْسَان** " jeung " **الفَرَاش** "

b. كُلِّيٌّ جِنْسٌ مُتَوَسِّطٌ

❖ **Ta'rifna** : **مَا فَوْقَهُ جِنْسٌ وَ تَحْتَهُ جِنْسٌ أَيْضًا**

Lafad **كُلِّي** anu di handap jeung diluhurna aya jinis anu sejen.
Saperti lafad " **الجِسْم** "

c. كُلِّيٌّ جِنْسٌ بَعِيْدٌ

❖ **Ta'rifna** : **مَا لَا جِنْسَ فَوْقَهُ وَ تَحْتَهُ أَجْنَاسٌ**

Lafad **كُلِّي** anu henteu aya deui jinis di luhurna, tapi dihandapna mah aya jinis anu sejen.
Saperti lafad " **الجَوْهَر** " (makhluk).

❖ **Dasarna** :

جِنْسٌ قَرِيْبٌ أَوْ بَعِيْدٌ أَوْ وَسَط	#	**وَأَوَّلُ ثَلَاثَةٌ بِلَا شَطَط**	**(١١)**
Lafad kulliyun jinis tilu jumlahna	#	*qorib ba'id mutawasit nu tengahna*	

Supaya langkung ngartos kana كُلِّيٌّ جِنْسٌ , maka coba perhatikeun skema dihandap iyeu !

2. كُلِّيٌّ فَصْلٌ *(Different)*

❖ **Ta'rifna** : كُلِّيٌّ يُمَيِّزُ الْمَاهِيَةَ عَنْ غَيْرِهَا

Lafad كُلِّي anu ngabedakeun الْمَاهِيَةَ *(Esensi)* hiji perkara jeung perkara anu sejenna.

Saperti lafad " النَّاطِق " , eta lafad ngabedakeun antara manusa jeung sato anu sejenna.

❖ **Dasarna** :

(١٠)	وَالْكُلِّيَّاتُ خَمْسَةٌ دُوْنَ انْتِقَاص	#	جِنْسٌ وَ فَصْلٌ عَرَضٌ نَوْعٌ وَ خَاص
	jinis fasol arod nau khos nu kalima	#	*Sakabeh lafad kulliyun aya lima*

3. كُلِّيٌّ نَوْعٌ *(Species)*

❖ **Ta'rifna** :

وَهُوَ مَا يَصِحُّ أَنْ يُحْمَلَ فِي جَوَابِ مَا هُوَ عَلَى وَاحِدٍ أَوْ عَلَى كَثِيْرِيْنَ مُتَّفَقِيْنَ فِي الْحَقَائِقِ

Lafad كُلِّي anu bisa kafaham ku eta lafad kana loba afradna anu diantara afrad-afradna henteu beda dina hakekatna.

Saperti lafad " زَيْدٌ " jeung " عُمَر ", eta duanana نَوْع *(species)* tina lafad " الإِنْسَان "

❖ **Dasarna** :

جِنْسٌ وَ فَصْلٌ عَرَضٌ نَوْعٌ وَ خَاص	#	وَالْكُلِّيَّاتُ خَمْسَةٌ دُوْنَ انْتِقَاص	(١٠)
Sakabeh lafad kulliyun aya lima	#	*jinis fasol arod nau khos nu kalima*	

4. عَرَضٌ عَامٌّ *(Accident)*

❖ **Ta'rifna** :

كُلِّيٌّ خَرَجَ عَنِ الْمَاهِيَةِ يَصْدُقُ عَلَيْهَا وَ عَلَى غَيْرِهَا

Lafad **كُلِّي** anu nuduhkeun kana sifat anu umum dibogaan ku eta perkara atau ku nusejenna.

Saperti lafad " **المَاشِي** (anu lempang) " , eta sifat anu umum dibogaan boh ku sato atawa ku manusa.

❖ **Dasarna** :

جِنْسٌ وَ فَصْلٌ عَرَضٌ نَوْعٌ وَ خَاص	#	وَالْكُلِّيَّاتُ خَمْسَةٌ دُوْنَ انْتِقَاص	(١٠)
Sakabeh lafad kulliyun aya lima	#	*jinis fasol arod nau khos nu kalima*	

5. عَرَضٌ خَاصٌّ *(Propium)*

❖ **Ta'rifna** :

مَا يُمَيِّزُ الْمَاهِيَةَ عَنْ غَيْرِهَا حَالَ كَوْنِهِ خَارِجًا عَنْهَا

Lafad **كُلِّي** anu nuduhkeun kana sifat anu khusus, anu ngabedakeun hiji perkara jeung perkara anu sejen. Hartina teu sakabeh perkara ngabogaan eta sifat.

Saperti lafad " **الضَّاهِك** (anu seuri) " , eta sifat anu khusus anu teu sakabeh sato atawa manusa ngabogaan sifat eta.

❖ **Dasarna** :

جِنْسٌ وَ فَصْلٌ عَرَضٌ نَوْعٌ وَ خَاص	#	وَالْكُلِّيَّاتُ خَمْسَةٌ دُوْنَ انْتِقَاص	(١٠)
Sakabeh lafad kulliyun aya lima	#	*jinis fasol arod nau khos nu kalima*	

Ari nisbatna lafad kana ma'na na eta aya lima, nyaeta :

1. **نِسْبَة تَوَاطُؤ**

❖ **Ta'rifna** :

كَوْنُ اللَّفْظِ مَعْنَاهُ وَاحِدٌ وَ أَفْرَادُهُ كَثِيْرَةٌ وَكَانَتْ تِلْكَ الْأَفْرَادُ مُسْتَوِيَةً فِي ذَلِكَ الْمَعْنَى

Hiji lafad anu ngabogaan afrod anu loba anu sarua dina ma'na jeung hakekatna.

Saperti lafad " **الإِنْسَان** " jeung lafad " **النَاطِق** " eta duananana ngabogaan ma'na jeung hakekat anu sarua, anu ngabogaan lafad afrod anu beda-beda lafadna tapi ma'na na sarua saperti " **عُمَر** " , " **زَيْد** " , jeung " **بَكْر** "

2. **نِسْبَة تَشَاكُك**

❖ **Ta'rifna** :

كَوْنُ اللَّفْظِ مَعْنَاهُ وَاحِدٌ وَ أَفْرَادُهُ كَثِيْرَةٌ وَكَانَتْ تِلْكَ الْأَفْرَادُ غَيْر مُسْتَوِيَةً فِي ذَلِكَ الْمَعْنَى

Hiji Lafad anu ngabogaan afrod anu loba anu beda-beda hakekatna.

Saperti lafad " **حَيَوَان** " , anu ngabogaan afrod *(Individu)* nyaeta " **الإِنْسَان** " , jeung " **الفَرَاش** "

3. **نِسْبَة تَخَالُف / تَبَايُن كُلِّي**

❖ **Ta'rifna** :

كَوْنُ اللَّفْظَيْنِ بِحَيْثُ لَا يَصْدُقُ اَحَدُهُمَا عَلَى مَا صَدَقَ عَلَيْهِ الْأَخَرُ

Ayana dua lafad anu ma'nana beda-beda, tapi hakekatna mah sarua.

Saperti lafad " الإِنْسَان " jeung lafad " اَسَدٌ " , dua lafad eta ngabogaan ma'na anu beda tapi sarua dina hakekatna nyaeta " حَيَوَان "

نِسْبَة تَخَالُف / تَبَايُن كُلِّي kabagi jadi 2, nyaeta :

a. عُمُوْم خُصُوْص مِن وَجْهٍ

Ta'rifna :

كَوْنُ اللَّفْظَيْنِ بِحَيْثُ يُصَدِّقَانِ فَي الْجُمْلَةِ اي فِي بَعْض صُوَرٍ وَ يَنْفَرْد كُلّ مِنهُمَا فِي بَعْض صُوَرٍ أُخْرَى

Ayana dua lafad anu masing-masing tina dua lafad eta teh bisa diterapkeun kana sawareh afrod anu sejen, jeung sawarehna deui teu bisa diterapkeun.

Saperti lafad " الإِنْسَان " jeung " الأَبْيَض " , sawareh manusa aya anu bodas, tapi teu satiap anu bodas teh manusa.

❖ **المَرْجِع فِي الْعُمُوْم وَالْخُصُوْص مِن وَجْهٍ**

- **مُوْجَبَتَيْنِ جُزْئِيَّتَيْنِ** : **بَعْض الإِنْسَان أَبْيَض ، وَ بَعْض الْأَبْيَض إِنْسَان**

  (Sawarehna Manusa Teh Nu Bodas, Jeung Sawarehna nu bodas teh Manusa)

- **سَالِبَتَيْنِ جُزْئِيَّتَيْنِ** : **بَعْض الإِنْسَان لَيْس بِأَبْيَض ، وَبَعْض الْأَبْيَض لَيْسَ بِإِنْسَان**

  (Sawarehna manusa henteu bodas, Jeung Sawarehna nu henteu bodas teh manusa)

b. عُمُوْم خُصُوْص مُطْلَق

❖ **Ta'rifna** : كَوْنُ اللَّفْظَيْنِ بِحَيْثُ يَجْتَمِعَانِ فِي مَادَةٍ وَ يَنْفَرْد اَحَدُهُمَا فَي مَادَةٍ أُخْرَى

Ayana dua lafad anu masing-masing tina dua lafad eta teh bisa diterapkeun kana sakabeh afrod anu sejen, jeung sakabehna deui teu bisa diterapkeun.
Saperti lafad " الإِنْسَان " jeung " حَيَوَان " , satiap manusa nyaeta sato, tapi teu satiap sato eta manusa.

❖ المَرْجِع فِي الْعُمُوْم وَالْخُصُوْص مُطْلَق

- مُوجَبَة كُلِّيَّة : كُلّ إِنْسَان حَيَوَان
(Satiap Manusa Teh Sato)
- مُوجَبَة جُزْئِيَّة : بَعْض الحَيَوَان إِنْسَان
(Sawarehna sato teh manusa)
- سَالِبَة جُزْئِيَّة : لَيْسَ بَعْض الحَيَوَان بِإِنْسَان
(Sawarehna sato lain manusa)

4. نِسْبَة تَرَادُف

❖ **Ta'rifna** : كَوْنُ الَّلفْظِ مُتَعَدَدا وَ مَعْنَاهُ وَاحِدٌ

Lafadna loba bari beda-beda tapi ma'na na mah hiji.
Saperti lafad " الإِنْسَان ", " بَشَرٌ ", jeung " النَاسُ ", lafadna beda-beda tapi ma'na na hiji nyaeta " manusa "

5. نِسْبَة إِشْتِرَاك

❖ **Ta'rifna** : كَوْنُ اللَّفْظِ وَاحِدًا وَ مَعْنَاهُ مُتَعَدِّدٌ

Hiji lafad anu ngabogaan ma'na loba bari beda-beda.
Saperti lafad " عَيْنٌ " , ma'nana bisa panon atawa sirah cai.

❖ **Dasarna** :

(١٢)	وَ نِسْبَةَ الْأَلْفَاظِ لِلْمَعَانِي *Eta aya lima rupa bagianna*	# #	خَمْسَةَ اَقْسَامٍ بِلَا نُقْصَانِ *Jumlahna nisbat lafad kana ma'nana*
(١٣)	تَوَاطُؤٌ تَشَاكُكٌ تَخَالُفٌ *Terus taroduf lalawanan isytirok*	# #	وَالْإِشْتِرَاكُ عَكْسُهُ التَّرَادُفُ *Tawathu' tasyakuk takholuf isytirok*

{ لَفْظُ الْمُرَكَّب }

- **لَفْظُ الْمُرَكَّب**

❖ **Ta'rifna :** **مَا دَلَّ جُزْئُهُ عَلَى جُزْئِ مَعْنَاهُ الْمَقْصُوْدِ**

Lafad anu bagian-bagian anu nyusun na (**جُزْء**) nuduhkeun kana bagian tina ma'na lafad eta.
Saperti lafad " **زَيْدٌ قَائِمٌ** ", lafad eta disebut Murokkab ku sabab bagian – bagian anu nyusun na nuduhkeun kana ma'na Ki Jaed Nangtung.

❖ **Dasarna:**

(١٤)	**فَأَوَّلُ مَا دَلَّ جُزْؤُهُ عَلَى**	#	**جُزْئِ مَعْنَاهُ بِعَكْسِ مَا تَلَا**	
	Kana bagian ma'na nu dikandungna	#	*Lafad Murokkab nuduhkeun bagianna*	

Lafad Murokkab kabagi jadi 2, nyaeta :

A. لَفْظُ الْمُرَكَّب التَّامِ (Kalimat Sampurna),

Lafad Murokkab tam nyaeta susunan lafad anu mere ngarti kana ma'na anu geus sampurna, tegesna bisa mere ngarti ka anu di pituturan. Lafad Murokkab Tam kabagi 2, nyaeta :

1) لَفْظُ الْمُرَكَّب الْخَبَرِي *(Proposisi)*

- **Ta'rifna :** وَهُوَ مَا يَحْتَمِلُ الصِّدْقُ وَالْكِذْبُ

  Susunan lafad anu kandungan ma'na na mungkin salah jeung bener. Saperti lafad " زَيْدٌ قَائِمٌ ", dina lafad eta nuduhkeun yen nangtungna Ki Jaed teh mungkin salah, mungkin oge bener.

2) لَفْظُ الْمُرَكَّب الطَّلَبِي / إِنْشَائِي

- **Ta'rifna :** وَهُوَ مَا لَا يَحْتَمِلُ الصِّدْقُ وَالْكِذْبُ

  Susunan lafad anu teu ngandung ma'na salah jeung bener. Saperti lafad " أُنْصُرْ زَيْدًا "
- **Dasarna :**

(١٥)	وَاللَّفْظُ إِمَّا طَلَبٌ أَوْ خَبَرٌ	#	وَ أَوَّل ثَلَاثَة سَتُذْكَرُ
	Lafad Tholab Jeung Khobari nu kadua	#	*Lafad murokkab Sampurna aya dua*

Lafad Tholab kabagi jadi 3, nyaeta :

a. أَمْر

- **Ta'rifna :** طَلَبُ الْأَمْرِ مِن الْأَعْلَى إِلَى الْأَدْنَى

  Nyuprih ti nu saluhureun ka nu leuwih handap.
  Saperti Dawuhan Allah SWT " أُدْعُوْنِيْ أَسْتَجِبْ لَكُمْ "

b. دُعَائِي

- **Ta'rifna :** طَلَبُ الْأَمْرِ مِن الْأَدْنَى إِلَى الْأَعْلَى

  Nyuprih ti nu sahandapeun ka nu leuwih luhur.
  Saperti lafad " اللَّهُمَّ اغْفِرْ لَنَا "

c. إِلْتِمَاسِي

❖ **Ta'rifna** : **طَلَبُ الْأَمْرِ مِن التَّسَاوي**

Nyuprih ti nu sarua pangkatna.

Saperti lafad santri ka santri anu sejen ***" Adrahi Mang!!!"***

❖ **Dasarna** :

(١٦)	**أَمْرٌ مَعَ اسْتِعْلَا وَ عَكْسُهُ دُعَا**	#	**وَفِي التَّسَاوِي فَالْتِمَاسٌ وَقَعَا**
	Amar Du'a Iltimas anu katilu	#	*Lafad Murokkab Tholabi aya tilu*

B. لَفْظُ الْمُرَكَّب النَّاقِصِ (Kalimat Anu Can Sampurna)

Lafad Murokkab Naqish nyaeta susunan lafad anu acan bisa mere ngarti kana ma'na anu henteu sampurna, tegesna henteu bisa mere ngarti ka anu di pituturan.

{ فَصْلٌ فِي بَيَانِ الْكُلّ وَ الْكُلِّيَّة وَالْجُزْءِ وَالْجُزْئِيَّة }

1. كُلّ *(Kolektif)*

❖ **Ta'rifna :** إِثْبَات الْحُكْمِ عَلَى مَجْمُوْعِ أَفْرَادِ الْمَحْكُوْمِ عَلَيْهِ

Netepkeun hukum kana sagemblengna (Kumpulan) afrod anu ka keunaan hukum.
Saperti lafad " أَهْلُ الْأَزْهَرِ عُلَمَاء " , anu kakeunaan ku hukum " عُلَمَاء " nyaeta Kumpulan Ahli Al Azhar, tegesna nu kakeunaan ku hukum teh bisa sakabehna Ahli Azhar, atawa sawarehna.

❖ **Dasarna:**

كَكُلِّ ذَاكَ لَيْسَ ذَا وُقُوْع	#	الْكُلّ حُكْمُنا عَلَى الْمَجْمُوْع	(١٧)
Kullu Netepkeun hukum ka sagemblengna	#	*Hadist Riwayat Dzul yadain contona*	

2. كُلِّيَّة *(General)*

❖ **Ta'rifna :** إِثْبَات الْحُكْمِ عَلَى جَمِيْعِ أَفْرَادِ الْمَحْكُوْمِ عَلَيْهِ

Netepkeun hukum ka satiap afrod anu ka keunaan hukum.
Saperti Lafad " كُلّ نَفْسٍ ذَائِقَةُ الْمَوْتِ" , anu kakeunaan ku hukum " ذَائِقَةُ الْمَوْتِ " nyaeta sakabehna anu ngabogaan awak-awakan.

❖ **Dasarna:**

فَإِنَّهُ كُلِّيَّة قَدْ عُلِمَا	#	وَحَيْثُمَا لِكُلّ فَرْد حُكِمَا	(١٨)
Kulliyyah netepkeun satiap afrodna	#	*Kana Hukum anu keuna sakabehna*	

3. الْجُزْء *(Komponen)*

❖ **Ta'rifna :** مَا يَتَرَكَّبُ مِنهُ وَمِن غَيْرِهِ الْكُلّ

Bagian anu nyusun hiji perkara atawa nu sejenna.
Saperti Lafad " حَيَوَان" , eta jadi bagian anu nyusun lafad " إِنْسَان "

❖ **Dasarna:**

وَالْجُزْءُ مَعْرِفَتُهُ جَلِيَّة	#	وَالْحُكْمُ لِلْبَعْض هُوَ الْجُزْئِيَّة	(١٩)
Juz anu ngaterangkeun bagiannana	#	*Juziyah nu netepkeun kana hukumna*	

4. الْجُزْئِيَّة *(Parsial)*

❖ **Ta'rifna:** **إِثْبَات الْحُكْمِ أَوْ نَفْيِهِ عَلَى بَعْض أَفْرَادِ الْمَحْكُوْمِ عَلَيْهِ**

Netepkeun atawa nganafikeun hukum kana sawarehna anu kakeunaan hukum (**الْمَحْكُوْمِ عَلَيْهِ**).
Saperti Lafad " **بَعْض الإِنْسَان أَبْيَض**" (Sawareh manusa bodas) kusabab teu sakabeh manusa teh bodas.

❖ **Dasarna:**

وَالْجُزْءُ مَعْرِفَتُهُ جَلِيَّة	#	**وَالْحُكْمُ لِلْبَعْض هُوَ الْجُزْئِيَّة**	**(١٩)**
Juz anu ngaterangkeun bagiannana	#	*Juz'iyah nu netepkeun kana hukumna*	

{ فَصْلٌ فِي الْمُعَرِّفَاتِ }

تَشْجِيْرُ أَنْوَاعِ التَّعْرِيْفِ

Ta'rif mungguh ulama Ahli Mantiq aya 3 nyaeta, **تَعْرِيْف لَفْظِي** , **تَعْرِيْف بِالْحَدِّ** , jeung **تَعْرِيْف رَسْم**

❖ **Dasarna :**

مُعَرِّفٌ عَلَى ثَلَاثَةٍ قَسِم	#	**حَدٌّ وَ رَسْمِيٌّ وَ لَفْظِيٌّ عُلِم**	**(٢٠)**
Had Rosmi Lafdi eta rinciannana	#	*Sakabeh ta'rif aya tilu jumlahna*	

1. تَعْرِيْف بِالْحَدِّ *(Definisi Esensial)*

Disebut Ta'rif Had kusabab iyeu ta'rif nyegah tina asupna Afrod nu salain **مُعَرَّف** kana **مُعَرَّف**. Disyaratkeun dina sampurna na Ta'rif Had kudu ngaheulakeun heula Jinis tibatan Fashol, lamun Jinis diakhirkeun maka jadi Ta'rif Had Naqish.

Ta'rif bil had aya 2, nyaeta :

a. تَعْرِيْف بِالحَدِّ التَّامّ

❖ **Ta'rifna :** **إِذَا كَانَ تَعْرِيْفُهُ مُرَكَّبا مِن جِنْسٍ قَرِيْبٍ وَ فَصْلٍ قَرِيْبٍ**

Na'rifan **مُعَرَّف** (anu di ta'rifan) ku **جِنْسٍ قَرِيْب** jeung **فَصْل قَرِيْب** . Dina Ta'rif bilhad Tam ngaheulakeun heula **جِنْسٍ قَرِيْب** tibatan **فَصْل قَرِيْب** .

Saperti lafad “ الإِنْسَان ” di ta’rifan ku “ حَيَوَان نَاطِق ”

الإِنْسَان	:	معرف
حَيَوَان	:	جنس قريب
نَاطِق	:	فصل قريب
<u>الإِنْسَان حَيَوَان نَاطِق</u>	:	<u>تعريف بالحد التام</u>

❖ **Dasarna** :

(٢١)	فَالْحَدُّ بِالْجِنْسِ وَ فَصْلٍ وَقَعَا	#	وَالرَّسْمُ بِالْجِنْسِ وَ خَاصَّةٍ مَعَا
	Jinis qorib fashol qorib nu tumiba	#	*Ta’rif had anu sampurna kudu aya*
	maka etamah ta’rif rasmi ngaranna	#	*Lamun Jinis Qorib jeung Khos anu aya*

b. تَعْرِيْف بِالْحَدِّ النَّاقِص

❖ **Ta’rifna** : إِذَا كَانَ تَعْرِيْفُهُ مُرَكَّبا مِن جِنْسٍ بَعِيْدٍ وَ فَصْلٍ قَرِيْبٍ

“ Na’rifan مُعَرَّف ku جِنْسٍ بَعِيد jeung فَصْل قَرِيْب .” atawa dimana-mana ta’rif kasusun tina جِنْس بَعِيْد jeung فَصْل قَرِيْب.
Saperti na’rifan lafad الإِنْسَان ku "جِسْم نَا طِقّ"

الإِنْسَان	:	معرف
جِسْم	:	جنس بعيد
نَاطِق	:	فصل قريب
<u>الإِنْسَان جِسْم نَاطِق</u>	:	<u>تعريف بالحد الناقص</u>

❖ **Dasarna** :

(٢٢)	وَ نَاقِصُ الْحَدِّ بِفَصْلٍ أَوْ مَعَا	#	جِنْسٍ بَعِيْدٍ لَا قَرِيْبٍ وَقَعَا
	eta pasti ta’rif had nu teu sampurna	#	*Jinis Ba’id Fashol Qorib nu tumiba*

2. تَعْرِيْف بِالرَّسْم ***(Definisi Aksidensial)***

Ta’rif bil rasmi aya 2, nyaeta :

a. تَعْرِيْف بِالرَّسْمِ التَّام

❖ **Ta’rifna** : إِذَا كَانَ تَعْرِيْفُهُ مُرَكَّبا مِن جِنْسٍ قَرِيْبٍ وَ خَاصَّةٍ

Na’rifan مُعَرَّف (anu di ta’rifan) ku جِنْسٍ قَرِيْب jeung عَرَض خَاصّ .

Saperti lafad “ الإِنْسَان ” di ta’rifan ku “ حَيَوان ضَاهِكٌ ”

الإِنْسَان	: معرف
حَيَوَان	: جنس قريب
ضَاهِك	: عرض خاص
الإِنْسَان حَيَوان ضَاهِكٌ	: تعريف بالرسم التام

❖ **Dasarna :**

(٢١)	فَالْحَدُّ بِالْجِنْسِ وَ فَصْلٍ وَقَعَا	#	وَالرَّسْمُ بِالْجِنْسِ وَ خَاصَّةٍ مَعَا
	Jinis qorib fashol qorib nu tumiba	#	*Ta’rif had anu sampurna kudu aya*
	maka etamah ta’rif rasmi ngaranna	#	*Lamun Jinis Qorib jeung Khos anu aya*

b. تَعْرِيْف بِالرَّسْمِ النَّاقِص

❖ **Ta’rifna :** إِذَا كَانَ تَعْرِيْفُهُ بِخَاصَّةٍ فَقَطْ أَوْ بِخَاصَّةٍ مُرَكَّبَةٍ بِجِنْسٍ بَعِيْدٍ

Na’rifan مُعَرَّف (anu di ta’rifan) ku عَرَض خَاصّ hungkul, atawa ku عَرَض خَاصّ jeung جِنْس بَعِيْد .

Saperti lafad “ الإِنْسَان ” di ta’rifan ku “ الضَاهِك ” atawa “ جِسْم ضَاهِك ”

الإِنْسَان	: معرف
جِسْم	: جنس بعيد
ضَاهِكٌ	: عرض خاص
الإِنْسَان جِسْم ضَاهِك	: تعريف بالرسم الناقص

❖ **Dasarna :**

(٢٣)	وَنَاقِصُ الرَّسْمِ بِخَاصَّةٍ فَقَطْ	#	أَوْ مَعَ جِنْسٍ اَبْعَدٍ قَدْ اِرْتَبَطْ
	Atawa Jinis Ba’id reujeung Arod Khos	#	*Ta’rif Rosmi Naqish ukur ku Arod Khos*

3. تَعْرِيْف لَفْظِيّ

❖ **Ta’rifna :**

تَبْدِيْلُ لَفْظٍ مُرَادِفٍ لَهُ أَشْهَر فِي الْمَعْنَى عَنْه

Na’rifan مُعَرَّف (anu di ta’rifan) ku lafad anu تَرَادُف (Loba Lafadna Sarua Ma’nana) tur nu leuwih masyhur.

Saperti lafad “ البَشَر ” di ta’rifan ku “ الإِنْسَان ”

❖ **Dasarna:**

(٢٤)	وَمَا بِلَفْظِيٍّ لَدَيْهِمْ شُهِرَا	#	تَبْدِيْلُ لَفْظٍ بِرَدِيْفٍ اَشْهَرَا
	Anu Mutarodif sarua ma’nana	#	*Na’rifan muarrof ku lafad sejenna*

- **مُطَّرِد**

Ta'rif anu bener kudu bisa ngumpulkeun kana sakabeh Afrodna مُعَرّف.

Saperti lafad إِنْسَان sakabeh afrodna kumpul dina lafad حَيَوَان, hartina pasti sakabeh manusa teh nyaeta hewan.

- **مُنْعَكِس**

Ta'rif anu bener kudu bisa nyegah afrodna nu salian مُعَرَّف asup ka مُعَرَّف .

Saperti lafad " نَاطِق " eta nyegah kana asupna مُعَرَّف anu sejen kana lafad " إِنْسَان " anu di ta'rifan.

Ta'rif teu meunang leuwih umum atawa leuwih khusus tibatan anu di ta'rifan, contoh :

- *" Manusa Nyaeta Sato anu boga Panca Indra"* (Ta'rif Masih Leuwih Umum)
- *" Manusa Nyaeta Sato Anu Nulis"* (Ta'rifna Khusus Teuing)
- *" Manusa Nyaeta Sato Anu Boga Akal"* (Ta'rif anu geus مُطَّرِد مُنعَكِس)

- **ظَاهِر**

Ta'rif kudu make lafad nu dhohir ulah anu samar, saperti lafad " النَّارُ جِسْم كَالنَّفْسِ "

- **لاَ مُسَأَوْى**

Ta'rif ulah ku lafad anu sarua ma'nana jeung مُعَرَّف, Saperti " المُتَحَرِّك مَا لَيْسَ بِسَاكِنٍ "

- **لاَ مَجَاز**

Ta'rif ulah ku lafad majaz anu heunteu make qorenah, sapert " الجَاهِلُ هُوَ الْحِمَارُ "

- أَوْضَح

Ta'rif kudu leuwih jelas ma'nana tibatan مُعَرَّف ,

saperti" الْإِثْنَيْنِ هُوَ أَوْلُ عَدَد يُنْقَسَمُ بِمُتَسَأَوِيَيْنِ "

- لَا مُشْتَرَك

Ta'rif ulah make lafad إِشْتِرَاك (lafadna hiji ma'nana loba) anu teu aya qorenah.

Saperti " الشَّيْئ هُوَ عَيْنٌ "

❖ **Dasarna:**

(٢٥)	وَشَرْطُ كُلّ اَنْ يُرَى مُطَّرِدَا	#	مُنْعَكِسًا وَظَاهِرًا لاَ اَبْعَدَا
	Hartina Ngumpulkeun Sakabeh Afrodna	#	*Syarat Ta'rif Kudu Muthorid Ma'nana*
	Tur Ku Lafad Anu Pertela Ma'nana	#	*Kudu Nyegah Kana Afrod Salianna*
(٢٦)	وَلاَمُسَأَوِيًا وَلاَ تُجُوِّزَا	#	بِلاَ قَرِيْنَةٍ بِهَا تُهُرِّزَا
	Jeung Ku Majaz nu Teu aya Qorenahna	#	*Ulah Ku Lafad Nu Sarua Ma'nana*
(٢٧)	وَلاَبِمَا يُدْرَى بِمَحْدُوْدٍ وَلاَ	#	مُشْتَرَكٍ مِن الْقَرِيْنَةِ خَلاَ
	Teu Isytirok Nu Teu Aya Qorenahna	#	*Ta'rif Kudu Leuwih Jelas Ma'nana*

{ قَضِيَّة }

- **Ta'rif قَضِيَّة** ***(Proposisi)***

قَوْلٌ مُفِيْدٌ يَحْتَمِلُ الصِّدْقَ وَالْكِذْبَ لِذَاتِهِ

Qhadiyah nyaeta ucapan anu maedahkeun (Kalimat Smapurna) , anu ngandung ma'na mungkin bener atau salahna ditinggali dina dzat na eta ucapan hartina lain ditinggali tina saha anu ngucapkeunnana

❖ **Dasarna :**

(٢٨)	مَا احْتَمَلَ الصِّدْقُ لِذَاتِهِ جَرَى	#	بَيْنَهُمْ قَضِيَّة وَ خَبَرَا
	Ngandung Ma'na Bener Salah Pek Regepkeun	#	*Qhodiyah Jumlah Nu Bisa Maedahkeun*

- **تَشْجِير قَضِيَّة**

- قَضِيَّة
  - حَمْلِيَّة
    - شَخْصِيَّة
      - سَالِبَة
      - مُوْجَبَة
    - كُلِّيَّة
      - مُهْمَلَة
        - سَالِبَة
        - مُوْجَبَة
      - مُسَوَّرَة
        - جُزْئِيّ
          - سَالِبَة
          - مُوْجَبَة
        - كُلِّيّ
          - سَالِبَة
          - مُوْجَبَة
  - شَرْطِيَّة
    - مُنْفَصِلَة
      - مَانِعَة الْخُلُو
      - مَانِعَة الْجَمْع
    - مُتَّصِلَة
      - إِتِّفَاقِيَّة
      - لُزُوْمِيَّة

(قَضِيَّة حَمْلِيَّة)

(Proposisi Kategoris)

❖ **Ta'rif** : **وَهِيَ مَا كَانَ طَرَفَاهَا مُفْرَدَيْنِ أَوْ فِي قُوْتِهَا**

" Qadhiyah anu dijerona ngandung hukum pikeun ngahubungkeun hiji mufrod kana mufrod anu sejen ".

Bagian anu nyusun Qadhiyah Hamliyah kudu mufrod, ulah jumlah.

❖ **Dasarna :**

(٢٩)	**ثُمَّ الْقَضَايَا عِنْدَهُمْ قِسْمَانِ**	#	**شَرْطِيَّة حَمْلِيَّة وَ الثَّانِيْ**
	Hamliyah jeung Syartiyah anu Kadua	#	*Terus Qodhiyah kabagi jadi dua*

- **قَضِيَّة حَمْلِيَّة** kasusun tina 3 bagian, nyaeta :
  - **مَوْضُوْع**

    Nyaeta Anu kakeunaan hukum atawa sok disebut Subjek / Mahkum Alaih / Musnad Ilaih / Mubtada / Fail dina istilah disiplin elmu nu sejen.
  - **مَحْمُوْل**

    Nyaeta **الْحُكْمُ الَّذِي أَثْبَتَ لِلْمَوْضُوْعِ** (hukum anu tetep pikeun **مَوْضُوْع**) atawa sok disebut predikat / mahkum bih / musnad
  - **رَابِط**

    Nyaeta anu nyambungkeun antara **موضوع** jeung **محمول**

❖ **Conto :**

عَلِيٌّ هُوَ فَاهِمٌ

- **عَلِيٌّ** : **موضوع**
- **هُوَ** : **رابط**
- **فَاهِمٌ** : **محمول**

❖ **Dasarna :**

(٣٠)	**وَالْأَوَّلُ الْمَوْضُوْعُ فِي الْحَمْلِيَّة**	#	**وَالْآخَرُ الْمَحْمُوْلُ بِالسَّوِيَّة**
	Robith nu jadi panyambung ulah salah	#	*Maudhu jeung Mahmul anu Nyusun Hamliyah*

- قَضِيَّة حَمْلِيَّة ditinggal tina مَحْمُوْل na kabagi jadi 2, nyaeta :
  - قَضِيَّة حَمْلِيَّة مُوجَبَة (Kalimat Positif)

    Qadhiyah anu dijerona ditetepkeun hukumna mahmul pikeun maudhu.

    Conto : زَيْدٌ هُوَ عَالِمٌ
  - قَضِيَّة حَمْلِيَّة سَالِبَة (Kalimat Negatif)

    Qadhiyah anu dijerona henteu ditetepkeun hukumna mahmul pikeun maudhu.

    Conto : زَيْدٌ لَيْسَ بِحَجَر
  - **Dasarna :**

(٣١)	وَكُلّهَا مُوجَبَة وَ سَالِبَة	#	فَهِيَ إِذَا إِلَى الثَّمَانِ آيِبَة
	Aya Anu Mujabah Oge Salibah	#	*Ninggal Tetep Henteu Mahmulna Hamliyah*

- قَضِيَّة حَمْلِيَّة ditingal tina maudhu na kabagi 4, nyaeta :
  - قَضِيَّة شَخْصِيَّة

    Qadhiyah anu maudhuna mangrupakeun perkara anu mufrod.

    Conto : زَيْدٌ إِنْسَان
  - قَضِيَّة مُهْمَلَة

    Qadhiyah anu maudhu na lafad kulli, tapi teu jelas diterangkeun naha hukumna pikeun sakabehna atawa sawarehna afrod nu ka kurung ku lafad kulli.

    Conto : الإِنْسَان كَاتِبٌ.
  - قَضِيَّة كُلِّيَّة

    Qadhiyah anu maudhu na lafad kulli anu hukumna pikeun sakabeh afrodna.

    Conto : كُلّ إِنْسَان حَيَوَان

- قَضِيَّة جُزْئِيَّة

Qadhiyah anu maudhu na lafad kulli, tapi nu kakeunaan hukum sawareh tina afrodna.

Conto : بَعْض الإِنْسَان كَاتِبٌ.

Maka bisa disimpulkeun yen قَضِيَّة حَمْلِيَّة teh aya 8 wajah :

⇐ (+) قَضِيَّة شَخْصِيَّة مُوجَبَة : زَيْدٌ إِنْسَان (جُزْئِيَّة)
⇐ (-) قَضِيَّة شَخْصِيَّة سَالِبَة : زَيْدٌ لَيْس بحَجَر (جُزْئِيَّة)
⇐ (+) قَضِيَّة كُلِّيَّة مُهْمَلَة مُوجَبَة : الإِنْسَان كَاتِبٌ (كُلِّيَّة)
⇐ (-) قَضِيَّة كُلِّيَّة مُهْمَلَة سَالِبَة : الإِنْسَان لَيْس بِحَجَر (كُلِّيَّة)
⇐ (+) قَضِيَّة كُلِّيَّة مُسَوَّرَة كُلِّيّ مُوجَبَة : كُلّ إِنْسَان حَيَوَان (كُلِّيَّة)
⇐ (-) قَضِيَّة كُلِّيَّة مُسَوَّرَة كُلِّيّ سَالِبَة : لَا شَيْئَ مِن الإِنْسَان بِحَجَر (كُلِّيَّة)
⇐ (+) قَضِيَّة كُلِّيَّة مُسَوَّرَة جُزْئِيّ مُوجَبَة : بَعْض الإِنْسَان كَاتِبٌ (كُلِّيَّة)
⇐ (-) قَضِيَّة كُلِّيَّة مُسَوَّرَة جُزْئِيّ سَالِبَة : بَعْض الإِنْسَان لَيْس بِحَجَر (كُلِّيَّة)

❖ **Dasarna :**

(٣٢) كُلِّيَّة شَخْصِيَّة وَالأَوَّلُ	#	إِمَّا مُسَوَّرٌ وَ إِمَّا مُهْمَلُ
Qadhiyah Musawwaroh oge Muhmalah	#	*Kulliyah Juz'iyah bagian Hamliyah*

- سُوْر قَضِيَّة حَمْلِيَّة aya 4, nyaeta :
  - Pikeun قَضِيَّة كُلِّيَّة مُوجَبَة : كَافَّة ، عَامَّة، جَمِيْع، كُلّ.
    Conto :
    ⇐ عَامَّةُ الْمُسْلِمِيْنَ يَسْتَقْبِلُوْنَ الْكَعْبَة
    ⇐ كُلّ مُؤْمِن يَعْتَقِدُوْنَ بِوُجُوْدِ اللهِ.
    ⇐ جَمِيْعُ الإِنْسَان يُحِبُّوْنَ السَّلَامَ
    ⇐ كَافَّةَ الْمُسْلِمِيْنَ يَفْرَحُوْنَ فِي يَوْمِ عِيْدِ الْفِطْرِ
  - Pikeun قَضِيَّة كُلِّيَّة سَالِبَة : لَا وَاحِدَ، لَا أَحَدَ، لَا شَيْئَ
    Conto :
    ⇐ لَا شَيْئَ مِن الْعَسَل بِمُرٍّ
    ⇐ لَا وَاحِدَ مِن الطَّلَبَةِ بِحَاضِرِ الدَّرْسِ الْيَوْمَ
    ⇐ لَا أَحَدَ فِي الْبَيْتِ
    ⇐ لَا رَجُلَ فِي الدَّارِ

- Pikeun قَضِيَّة جُزْئِيَّة مُوجَبَة : قَلِيْل، مَعْظَم، كَثِيْر، بَعْض.

Conto :

⇐ بَعْضِ الْمُتَعَلِّمِ يُحِبُّوْنَ الْقِرَاءَةَ

⇐ كَثِيْرُ الْمُتَعَلِّمِ يُحِبُّوْنَ الْقِرَاءَةَ

⇐ مَعْظَمُ الْإِنْدُوْنِيْسِيِّيْنْ يُحِبُّوْنَ رَئِيْسَهُمْ

- Pikeun قَضِيَّة جُزْئِيَّة سَالِبَة : لَيْسَ كُلّ، لَيْسَ بَعْض.

Conto :

⇐ لَيْسَ كُلِّ الطَّلَبَةِ يَصِلُوْنَ إِلَى النِّهَايَةِ

⇐ لَيْسَ بَعْضِ الدُّعَاءِ مُوْجَبَاةٌ فِي الدُّنْيَا

❖ **Dasarna :**

(٣٣)	وَالسُّوْرَ كُلِّيًا وَ جُزْئِيًّا يُرَى	#	وَأَرْبَعٌ أَقْسَامُهُ حَيْثُ جَرَى
	Pikeun Mujabah Salibah nu kadua	#	*Sur na Hamliyah Kulliyah aya dua*
(٣٤)	إِمَّا بِكُلّ أَوْ بِبَعْض أَوْ بِلَا	#	شَيْئٍ وَلَيْسَ بَعْض أَوْ شِبْهِ جَلاَ
	Sarua Pikeun Mujabah jeung Salibah	#	*Dua jumlah sur na Hamliyah Juz'iyyah*

(قَضِيَّة شَرْطِيَّة)

(Proposisi Hipotesis)

- **Ta'rifna** : قَضِيَّة كَانَ الْحُكْمُ فِيْهَا تَوَقَّفَ شَيْئٌ عَلَى شَيْئٍ آخَر

  "Qadhiyah anu dimana katetepan hukumna gumantung ku ayana hukum anu sejen"

  Jadi Qadhiyah Syartiyah teh nyaeta Qadhiyah anu dijerona ngandung hukum pikeun ngahijikeun hiji Qadhiyah Hamliyyah jeung Qadhiyah Hamliyyah anu sejen make Adat Syarat. Atawa Qadhiyah Syartiyyah teh bisa disebut gabungan 2 Qadhiyah Hamliyyah anu make adat syarat.

  Conto :

❖ **Dasarna :**

فَإِنَّهَا شَرْطِيَّة وَ تَنْقَسِمْ	#	وَإِنْ عَلَى التَّعْلِيْقِ فِيْهَا قَدْ حُكِمْ	(٣٥)
Tetepna hukum gumantung salian na	#	*Nyaeta Qadhiyah Syartiyyah ngaranna*	

- **قَضِيَّة شَرْطِيَّة** kabagi jadi 2, nyaeta :

  1. **قَضِيَّة شَرْطِيَّة مُتَّصِلَة** (***Proposisi Conditional***)

     مَا اقْتَضَتْ وَاسْتَلْزَمَتْ تَلاَزُمُ الْجُزْئَيْنِ يَعْنِي مُقَدَّم وَ تَالِي

     Qadhiyah anu ngawajibkeun ayana silih netepkeun antara dua juz na tegesna **مُقَدَّم** jeung **تَالِي.**

Silih netepkeun dua juz Qadhiyah Syartiyah Mutasilah sifatna aya kalana :

- **تَلاَزُم** karna faktor **سَبَبِيَّة** (Jadi Sabab / *Kausalitas*)

  Saperti " **إِنْ كَانَتِ الشَّمْس طَالِعَة فَا لنَّهَارُ مَوْجُوْد** " *(Lamun Bijil Panon Poe, Maka beurang datang).*

- **تَضَايُف** *(Korelasi)*

  Saperti " **إِنْ كَانَ زَيْدٌ أَبًا لِبَكْرٍ فَبَكْرٌ إِبْنُهُ** " *(Lamun Jaed bapak na Bakar, maka Bakar nyaeta anakna Jaed)*

- **إِتِّفَاقِيَّة** (Kabeneran dua Juzna Qadhiyah disebut babarengan bari teu aya *alaqoh*na)

  Saperti " **إِنْ كَانَ الإِنْسَان نَاطِقا فَالْحِمَارُ نَاهِقٌ** " *(Lamun jelema mikir, maka himar ngaluarkeun sora).* Qadhiyah eta sifatna **إِتِّفَاقِيَّة** kusabab antara mikirna jelema jeung ngaluarkeun sora na himar teu aya *Alaqoh* (Hubungan) anu jelas.

❖ **Dasarna :**

(٣٦)	أَيْضًا إِلَى شَرْطِيَّة مُتَّصِلَة	#	وَمِثْلُهَا شَرْطِيَّة مِنفَصِلَة
	Dua Qadhiyyah Syartiyyah Munfasilah	#	*Hiji Qadhiyyah Syartiyyah Muttasilah*
(٣٧)	مَا أَوْجَبَتْ تَلاَزُمَ الْجُزْئَيْن	#	وَ ذَاتُ الْإِنْفِصَالِ دُوْنَ مَيْن
	Dua bagian Qadhiyyah ditetepkeun	#	*Syartiyyah Muttashilah ngawajibkeun*

Jadi **قَضِيَّة شَرْطِيَّة مُتَّصِلَة** ngabogaan dua Juz / Bagian, Nyaeta Qadhiyah nu kahiji disebut **مُقَدَّم** (***Antecedent***),

jeung Qadhiyah anu kadua disebut **تَالِي** (***Konsekuen*** **).**

Conto : **إِنْ كَانَتِ الشَّمْسُ طَالِعَةً فَا لنَّهَارُ مَوْجُوْدٌ**

أداة شرط — مقدم — جواب — تالي

❖ **Dasarna :**

(٣٨)	جُزْآهُمَا مُقَدَّم وَ تَالِي	#	إِمَّا بَيَانُ ذَاتِ الْإِتِّصَالِ
	Muqoddam jeung Tali dina Muttashilah	#	*Dua Juz nu nyusun Qadhiyah Syartiyyah*

- سُوْر قَضِيَّة شَرْطِيَّة مُتَّصِلَة
  - قَضِيَّة شَرْطِيَّة مُتَّصِلَة كُلِّيَّة مُوجَبَة : مَهْمَا، كُلَّمَا، مَتَى
    ⇐ كُلَّمَا كَانَتِ الشَّمْس طَالِعَة فَالنَّهَارُ مَوْجُوْد
  - قَضِيَّة شَرْطِيَّة مُتَّصِلَة كُلِّيَّة سَالِبَة : لَيْسَ الْبَتَّة
    ⇐ لَيْسَ الْبَتَّة إِذَا كَانَ هَذَا إِنْسَانا كَانَ حَجَرا
  - قَضِيَّة شَرْطِيَّة مُتَّصِلَة جُزْئِيَّة مُوجَبَة : قَدْ يَكُوْنُ
    ⇐ قَدْ يَكُوْنُ إِنْ كَانَ الْمَطَرُ فَالسَّيْلُ مَوْجُوْد
  - قَضِيَّة شَرْطِيَّة مُتَّصِلَة جُزْئِيَّة سَالِبَة : قَدْ لَا يَكُوْنُ
    ⇐ قَدْ لَا يَكُوْنُ إِنْ كَانَ مَعْدَنًا فَهُوَ الذَّهَبُ

2. قَضِيَّة شَرْطِيَّة مُنْفَصِلَة (*Proposisi Disjuctive*)

مَا حُكِمَ فِيْهَا بِالتَّنَافِي وَالتَّعَانُدِ بَيْنَ الْجُزْئَيْنِ

Qadhiyah anu netepkeun ayana palawanan di antara dua juz na Qadhiyah.

- **قَضِيَّة شَرْطِيَّة مِنفَصِلَة** kabagi 3, nyaeta :

a. مَانِعَة جَمْعٍ

Ditolak kumpulna, tegesna teu menang kumpulna antara 2 juz Qadhiyah, tapi teu di tolak sepi na.

Conto : **إِمَّا أَنْ يَكُوْنَ زَيْدٌ قَائِمًا وَ قَاعِدًا**

Dina conto eta nuduhkeun yen antara diuk jeung nangtung ditolak kumpulna, tegesna moal aya jelema anu tingkahna keur diuk jeung nangtung sakaligus, tapi teu ditolak sepi na (teu diuk jeung teu nangtung) misal Jaed teh keur sare.

b. مَانِعَة خُلُو

Ditolak sepina antara 2 Juz na Qadhiyah, tapi teu ditolak kumpulna.

Conto : **إِمَّا أَنْ تَكُوْنَ عَائِسَةُ فِي الْبَحْرِ أَوْ لَا تَغْرِقُ**

" Aisyah ayakalana di laut, ayakalana teu ti teuleum"

c. مَانِعَة جَمْعٍ وَ خُلُو

Ditolak kumpul jeung sepi na antara 2 Juz na Qadhiyah, tegesna moal mungkin duanana terjadi babarengan.

Conto : إِمَّا أَنْ يَكُوْنَ زَيْدٌ حَيًّا أَوْ مَيِّتًا

Moal mungkin Jaed aya dina tingkah hirup jeung maot, sabab eta perkara moal terjadi babarengan.

○ سُوْر قَضِيَّة شَرْطِيَّة مِنفَصِلَة

- قَضِيَّة شَرْطِيَّة مِنفَصِلَة كُلِّيَّة مُوْ جَبَة : إِمَّا أَنْ يَكُوْنَ
  ⇐ إِمَّا أَنْ يَكُوْنَ الْعَدَد زَوْجا أَوْ فَرْدا
- قَضِيَّة شَرْطِيَّة مِنفَصِلَة كُلِّيَّة سَالِبَة : لَيْسَ الْبَتَّةَ إِمَّا أَنْ يَكُوْنَ
  ⇐ لَيْسَ الْبَتَّةَ إِمَّا أَنْ يَكُوْنَ هَذَا الشّيْئ إِنْسَانا أَوْ نَاطِقا
- قَضِيَّة شَرْطِيَّة مِنفَصِلَة جُزْئِيَّة مُوجَبَة : قَدْ يَكُوْنُ إِمَّا أَنْ يَكُوْنَ
  ⇐ قَدْ يَكُوْنُ إِمَّا أَنْ يَكُوْنَ هَذَا الشّيْئ حَيَوانا أَوْ فَرَسا
